

Kote pou ale pou jwenn èd

Keson	Pwen daksè	Nimewo telefòn oswa sit Entènèt
Ki jan pou m jwenn enfòmasyon konsènan benefis DTA mwen yo 24 sou 24, sèt jou pa semèn?	My Account Page Liy asistans otomatize DTA	www.mass.gov/vg/selfservice 1-877-382-2363
Ki kote pou m ale si m gen kèk kesyon konsènan: ♦ yon notis mwen resevwa pa lapòs ♦ si aplikasyon mwen an apwouve ♦ ki lè m pral resevwa pwochen benefis mwen yo?	My Account Page Liy asistans otomatize DTA Sèvis resipyen DTA (ajan dirèk)	www.mass.gov/vg/selfservice 1-877-382-2363 1-800-445-6604
Ki kote pou m ale si m gen kèk kesyon sou fason pou m aplike pou benefis SNAP, TAFDC oswa EAEDC?	DTA Website Liy asistans otomatize DTA Sèvis resipyen DTA (ajan dirèk)	www.mass.gov/dta 1-877-382-2363 1-800-445-6604
Ki jan pou m jwenn yon verifikasyon revni?	My Account Page Liy asistans otomatize DTA Sèvis resipyen DTA (ajan dirèk)	www.mass.gov/vg/selfservice 1-877-382-2363 1-800-445-6604
Ki jan pou m jwenn balans sou kat EBT mwen an oswa pou rapòte yon kat EBT ki pèdi oswa yo vòlè?	Sèvis kliyan EBT nan Massachusetts	1-800-997-2555
Ki jan pou m jwenn enfòmasyon sou tout sèvis ki disponib nan kominate mwen an?	Massachusetts 211 – United Way	211
Ki jan pou m aplike oswa poze kesyon konsènan MassHealth?	Sant sèvis MassHealth	1-800-841-2900
Ki jan pou m rapòte fwòd? Mwen abite nan Massachusetts.	Liy asistans pou fwòd DTA (Rezidan Massachusetts)	1-800-372-8399
Ki jan pou m rapòte fwòd? Mwen PA abite nan Massachusetts.	Liy asistans pou fwòd DTA (Rezidan ki andeyò eta a)	617-348-5222
Ki jan pou m pote yon plent konsènan diskriminasyon akoz yon andikap?	Direkte Opòtinite Egal DTA	617-348-8531
Ki jan pou m aplike oswa tyeke estati benefis chomaj?	Divizyon Asistans Chomaj Telesant	1-877-626-6800 oswa 617-626-6800
Ki jan pou m jwenn enfòmasyon sou panson alimantè pou timoun?	Sèvis kliyan pou panson alimantè pou timoun nan Massachusetts	1-800-332-2733
Ki jan pou m jwenn enfòmasyon sou sekirite sosyal oswa SSI?	Enfòmasyon sou sekirite sosyal	1-800-772-1213
Ki jan pou m jwenn enfòmasyon sou asistans pou gaz oswa enèji?	Depatman Lojman ak Developman Kominotè nan Massachusetts - Enfòmasyon sou chofaj	1-800-632-8175
Ki jan pou m jwenn enfòmasyon sou sèvis pou veteran?	Enfòmasyon pou Depatman Sevis Veteran nan Massachusetts	1-800-827-1000
Ki jan pou m jwenn enfòmasyon sou WIC?	Enfòmasyon pou WIC	1-800-942-1007
Ki jan pou m jwenn enfòmasyon pou èd pou vyolans familyal?	Liy asistans SafeLink	1-877-785-2020



Depatman Asistans Tranzisyonèl nan Massachusetts



Mision Depatman Asistans Tranzisyonèl (Department of Transitional Assistance - DTA) se pou ede endividé ak fanmi ki gen revni ki fèb pou yo ka satisfè bezwen fondamantal yo, pou yo ogmante revni yo, epi pou yo amelyore kalite lavi yo. Pou rezidan yo ka elijib pou sèvis DTA ofri, yo dwe satisfè kèk kritè finansye ak kritè non-finansye.

DTA sèvi fanmi k ap travay, timoun, moun ki aje, ak moun ki gen andikap. Sèvis nou yo enkli asistans manje ak nitrisyon ak asistans lajan kach.

DTA ki lokalize I nan Biwo Egzekitif Sèvis Sante ak Imen an, asire li satisfè bezwen ijan ak bezwen tranzisyonèl endividé ak fanmi nan Commonwealth la grasa yon kombinezon pwogram gouvènman eta ak federal la finanse.

Ou gen dwa pou jwenn sèvis entèprèt Depatman an ofri, lè sa nesesè, amwenske ou vle vini avèk entèprèt pa w. Si w gen pwoblèm pou konprann bwochi sa a, tanpri rele 1-800-445-6604.

Bwochi sa a souliye kondisyon pou elijiblite ak kèk dokiman ki nesesè pou yo travay sou aplikasyon pou asistans manje ak lajan kach. Yon fwa ou kòmanse resevwa benefis yo, ou ka gen pou swiv kèk règ ak kondisyon. Si w panse ou gen yon bon rezon ki fè ou pa satisfè yon kondisyon, kontakte responsab ka w la toutswit. Ou ka gen yon bon rezon si ou genyen:

- ♦ Yon pwoblèm oswa yon andikap mantal oswa fizik
- ♦ Yon kadijans nan fanmi w
- ♦ Yon pwoblèm pou swen timoun, oswa
- ♦ Lòt bon rezon ki fè ou pa satisfè yon kondisyon

Si w yo ta akòde w yon bon rezon, yo pa pral redui oswa sispann benefis ou yo.

Ki jan nou ka ede w?

Asistans Lib-Sèvis

Ou ka sote sal datant lan epi eseye chwa lib-sèvis DTA ofri yo! Kounye a nou ofri de fason pou gen enfòmasyon sou benefis ou yo 24 sou 24, sèt jou pa semèn:

- ◆ **My Account Page (MAP):** MAP pèmèt ou wè enfòmasyon konsènan benefis DTA w yo **sou Entènèt la.** Si w se chèf fanmi an (moun ki te siyen aplikasyon pou benefis la), ou ka jwenn enfòmasyon konsènan benefis DTA w yo ikonpri pwochen dat benefis ou yo pral disponib. Epitou ou ka wè epi enprime kèk notis resan DTA te voye ba w, epi ou ka enprime yon verifikasyon benefis ou yo. Pou enskri pou ka gen aksè nan My Account Page, vizite www.mass.gov/vg/selfservice.
- ◆ **Liy Asistans Otomatize:** Lè w rele **1-877-382-2363**, ou ka konnen non ak nimewo telefòn responsab ka w la, estati ka w la ak benefis ou yo, ansanm ak dat pwochen resètifikasiyon pou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè (ann anglè SNAP, yo te rele kupon alimantè). Epitou ou ka mande yon lèt verifikasyon revni epi aprann konsènan fason pou rapòte yon chan-jman, ranplase yon kat EBT, ak lòt bagay ankò. Liy asistans otomatize a ofri èd ann anglè ak an panyòl.

Chwa sa yo rapid, fasil epi yo fè w ekonomize tan.

Asistans Manje

Ki sa SNAP ye?

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè (SNAP, yo te rele kupon alimantè), se yon pwogram gouvenman federal la finanse ki ofri yon benefis mansyèl pou achte manje ki nourisan.

Se Depatman Agrikilti Ozetazini (US Department of Agriculture - USDA) ki devlope direktiv yo pou elijiblite. Montan benefis SNAP ou resevwa baze prensipalman sou valè kòb ou touche chak mwa epi sou valè moun ki abite lakay ou.

Èske w elijib?

(Elijiblite baze sou domèn ki site anba a)

- ◆ Revni tout moun ki abite nan kay la ki pa dwe depase:
 - 200% Nivo Povrete Federal la pou fanmi ki gen timoun kòm depandan oswa fi ki ansent k ap viv poukont yo (gade Tablo Elijiblite Revni); oswa
 - 130% Nivo Povrete Federal pou kay ki pa gen timoun.
 - Pa genyen ankenn limit nan revni brit pou kay ki gen moun ki aje epi/oswa moun ki gen andikap sèlman.*(gade tablo)
- ◆ Estati kòm sitwayen oswa non-sitwayen ki legal (pa egzanp, rezidan pèmanan adilt ki legal dwe ap viv Ozetazini pandan 5 an anvan yo vin elijib, amwenske yo andikape).
- ◆ Byen fanmi an posede, pou kèk fanmi; responsab ka w la pral fè w konnen si sa aplike a oumenm.

Ki verifikasyon ki nesesè?

- ◆ Prèv idantite
- ◆ Nimewo sekirite sosyal pou tout manm fanmi an k ap aplike (ou pa bezwen bay kat sekirite sosyal yo)
- ◆ Prèv salè tout moun ki nan fanmi an (sa enkli kòb yo touche ak kòb yo resevwa)
- ◆ Prèv rezidans
- ◆ Ou ka ban nou tou prèv pèman pansyon alimantè, pèman pou swen depandan, pèman medikal, ak depans pou abri pou ka kalifye pou plis benefis SNAP.

Restriksyon: Ou ka itilize benefis SNAP yo sèlman pou achte manje.

Asistans Lajan Kach (TAFDC)

Ki sa TAFDC ye?

Ed Tranzisyonèl pou Fanmi ki gen Timoun kòm Depandan (Transitional Aid to Families with Dependent Children -TAFDC) se yon pwogram gouvenman eta ak federal la finanse ki ofri asistans lajan kach pou fanmi ki gen revni fèb. Anpil kliyan oblige patisipe nan yon aktívite travay paske sa fè pati pwogram sa a.

Èske w elijib?

Anplis de limit nan revni ak byen ou posede, ou dwe:

- ◆ Yon fanmi ki gen timoun ki poko gen 18 (oswa nan kèk ka, 19 an); oswa Yon fi ki ansent ki pa gen timoun (dat akouchman timoun nan se nan yon espas 120 jou apati dat aplikasyon an).

Asistans Lajan Kach (TAFDC)

Ki verifikasyon ki nesesè?

- ◆ Prèv idantite
- ◆ Nimewo sekirite sosyal pou kèk manm fanmi an k ap aplike
- ◆ Ak nesans pou tout manm fanmi an k ap aplike (sa nesesè pou pwouve sitwayèntre ak relasyon pou moun ki nan aplikasyon an)
- ◆ Prèv gwosès la ak dat akouchman ki sot nan men yon otorite medikal ki konpetan (si w ap aplike akoz ou ansent)
- ◆ Prèv valè kòb tout moun nan kay la touche pandan kat semèn ki sot pase yo
- ◆ Prèv tout depans pou kay la (resi lwaye, relve ipotèk, fakti pou sèvis publik tankou dlo, kouran ak telefòn, afèmaj, eksetera)
- ◆ Lòt fòm verifikasyon ka nesesè; responsab ka w la pral fè w konnen si sa aplike a oumenm.

Restriksyon: Ou paka itilize benefis TAFDC ki sou kat benefis elektwonik (EBT) yo pou peye pou: bwason alkolik; pwodui tabak; biyè lotri; jwèt lajan; materyèl vizyèl oswa pèfòmans ki fèt pou kreye oswa estimile konduit oswa eksitasyon sekyèl; zam ak minisyon; sèvis vakans, tatou; oswa pèse tout kò w, bijou; oswa penalite, frè tribal, kosyon, kosyonnanman. Kòm penalite pou yon acha ki entèdi ou ka oblige repeye DTA pou montan bagay ou te achte a epi yo ka diskalifye w pou resevwa benefis TAFDC pou plizyè vyolasyon.

Asistans Lajan Kach (EAEDC)

Ki sa EAEDC ye?

Ed Dijans pou moun ki Aje, Andikape ak Timoun (Emergency Aid to the Elderly, Disabled, and Children - EAEDC) se yon pwogram eta a finanse ki ofri asistans lajan kach pou moun ki nan bezwen pou yo ka stabilize lavi yo.

Èske w elijib?

Anplis de limit nan revni ak byen ou posede, ou dwe:

- ◆ Paka travay akoz yon enkapasite fizik oswa mantal ki te dire oswa ki pral dire omwen 60 jou; oswa
- ◆ Genyen 65 an oswa plis epi w ap tann pou kòmanse resevwa pèman Revni Sekirite Siplementè (ann anglè SSI); oswa
- ◆ Ap pran swen yon timoun ki abite nan kay la epi ki pa fanmi w; oswa
- ◆ Ap patisipe nan yon pwogram Komision Reyadaptasyon nan Massachusetts; oswa
- ◆ Oblige rete nan kay la pou pran swen yon moun ki envalid ki otreman ta va bezwen resevwa swen nan yon etablisman ki andeyò ka.

Ki verifikasyon ki nesesè?

- ◆ Prèv idantite
- ◆ Nimewo sekirite sosyal pou tout manm fanmi an k ap aplike
- ◆ Titèl legal oswa gadyen legal yon timoun ki pa fanmi w
- ◆ Prèv medikal ou envalid
- ◆ Lèt patisipasyon ki sot nan Komision Reyadaptasyon nan Massachusetts
- ◆ Lòt fòm verifikasyon ka nesesè; responsab ka w la pral fè w konnen.

Restriksyon: Ou paka itilize benefis EAEDC ki sou kat benefis elektwonik (EBT) yo pou peye pou: bwason alkolik; pwodui tabak; biyè lotri; jwèt lajan; materyèl vizyèl oswa pèfòmans ki fèt pou kreye oswa estimile konduit oswa eksitasyon sekyèl; zam ak minisyon; sèvis vakans, tatou; oswa pèse tout kò w, bijou; oswa penalite, frè tribal, kosyon, kosyonnanman. Kòm penalite pou yon acha ki entèdi ou ka oblige repeye DTA pou montan bagay ou te achte a epi yo ka diskalifye w pou resevwa benefis EAEDC pou plizyè vyolasyon.

Kesyon Moun konn Poze Souvan

Q: Konbyen tan sa pran pou m jwenn benefis mwen yo?

A: Yon fwa yo kòmanse travay sou yon aplikasyon, ou pral oblige bay kèk verifikasyon nan yon lè yo fikse. Si w bay verifikasyon yo mande yo atan, yo ta dwe kapab deside elijiblite w nan yon espas 30 jou apati dat aplikasyon an.

Q: Èske gen yon moun ki ka ede m jwenn kèk verifikasyon?

A: Wi. Si w bezwen èd pou jwenn verifikasyon w yo, mande responsab ka w la pou asistans.

Q: Kiyès mwen ka rele pou m konnen estati aplikasyon mwen an?

A: Li pa nesesè pou rele biwo a pou mande si yo te resevwa aplikasyon w lan. Responsab ka w la pral kontakte w si w bezwen bay plis enfòmasyon. Ou ka rele Liy Asistans pou Sèvis Resipyen an pou jwenn repons ak kèk kesyon jeneral ou ka genyen sou ka w la. W ap jwenn nimewo telefòn sa a ak lòt nimewo telefòn ki itil nan do bwochi sa a.

SNAP						TAFDC	
<i>Tablo Elijiblite Revni</i>						Estanda Revni Brit Maksimòm	Estanda Revni Nèt/ Benefis Mansyèl Maks.
Gwosè Fanmi	Revni brit (apati 1/10/2012)	Revni nèt (apati 1/10/2012)	165% (apati 1/10/2012)	200% (apati 24/01/2013)	Benefis mansyèl maksimòm	185%	
1	\$1,211	\$931	\$1,536	\$1,915	\$200	\$792	\$428
2	\$1,640	\$1,261	\$2,081	\$2,585	\$367	\$982	\$531
3	\$2,069	\$1,591	\$2,625	\$3,255	\$526	\$1,171	\$633
4	\$2,498	\$1,921	\$3,170	\$3,925	\$668	\$1,352	\$731
5	\$2,927	\$2,251	\$3,714	\$4,595	\$793	\$1,539	\$836
6	\$3,356	\$2,581	\$4,259	\$5,265	\$952	\$2,103	\$941
7	\$3,785	\$2,911	\$4,803	\$5,935	\$1,052	\$2,288	\$1,046
8	\$4,214	\$3,241	\$5,348	\$6,605	\$1,202	\$2,475	\$1,151
Ajoute	\$429	\$330	\$545	\$ 670	\$150	\$194	\$105

*NOTE: Ka SNAP yo ki gen yon manm ki aje oswa ki andikape pa sijè a Estanda Revni Brit la. Ka sa yo dwe satisfè Estanda Revni Nèt la. Ka TAFDC yo sijè a Estanda Revni Nèt la tou, jan sa souliye nan dènyè kolòn ki anwo a.